**दिन—गुरूवार** **दिनांक—27.03.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

बिहार विधान मंडलक बजट सत्र आइ संपन्न भऽ गेल। दुनू सदनक बैसक आइ तय समय सँ एक दिन पहिने संपन्न भऽ गेल। बजट सत्र अठाईस फरवरी कऽ राज्यपाल आरफि मोहम्मद खांक संबोधनक संग शुरू भेल छल। विधानसभा मे अध्यक्ष नंदकिशोर यादव आओर विधान परिषद मे सभापति अवधेश नारायण सिंह समापन संबोधन कयलनि। अध्यक्ष सदनक कार्यवाहीक संचालन मे मददि लेल सभ सदस्यक प्रति आभार जतौलनि।

---

विधान मंडलक बजट सत्रक अंतिम दिन आइ सेहो दुनू सदन मे विपक्षी सदस्य सभ कतेको मुद्दा के लऽकऽ जमि कऽ हल्ला—गुल्ला कयलनि। कार्यवाही शुरू भेला सँ पहिने विधानसभाक पोर्टिको मे राजद, कांग्रेस आओर मालेक विधायक सभ वक्फ संशोधन विधेयक, पैंसठि प्रतिशत आरक्षण के संविधानक नवम् अनुसूची मे शामिल करब आआरे भ्रष्टाचारक मुद्दा के लऽकऽ नारा लगौलनि। विपक्षी सदस्य सभ सदनक कार्यवाहीक बिच इस सभ मुद्दा के लऽकऽ नारा लगबैत हल्ला—गुल्ला कयलनि। ओतहि, प्रश्नकालक बिच प्रभारी मंत्री डॉक्टर प्रेम कुमार आओर विपक्षक सदस्य सभक बीच बेस नोक—झोक सेहो भेल। मालेक वीरेन्द्र प्रसाद गुप्ताक कृषि सँ जुड़ल प्रश्नक जबाव पर, मंत्रीक जबाब सँ असंतुष्ट विपक्षी सदस्य सभ नारा लगौलनि जाहि सँ प्रेम कुमार बेसी नाराज देखल गेलाह। एम्हर, विधान परिषद मे गैर सरकारी सदस्य सभक विधेयक आओर संकल्प समितिक रिपोर्ट पर चर्चा कयल गेल।

---

केन्द्रीय गृह आओर सहकारिता मंत्री अमित शाह उनतीस आओर तीस मार्च कऽ बिहारक दौरा पर रहताह। तीस मार्च कऽ सहकारिता विभाग दिस सँ पटनाक बापू सभागार मे आयोजित कार्यक्रम मे श्री शाह कतेको विभागीय योजनाक उद्घाटन करताह। भेटल जनतबक अनुसार केन्द्रीय मंत्री दरभंगा मे नव बनल मखान प्रसंस्करण

केन्द्रक उद्घाटन करताह। ओ राज्य सहकारी बैंकक मैक्रो एटीएम सेहो बांटताह। संगहि, सहकारिता मंत्री राज्यक दू पैक्स मे विश्वक सभ सँ पैघ अन्न भंडारण योजना मे गोदाम बनेबाक काजक आधारशिला सेहो रखताह।

———————————————————————

प्रवर्तन निदेशालयक टीम आय सँ बेसी संपत्ति आओर भ्रष्टाचारक मामिला मे जेल मे बंद भारतीय प्रशासनिक सेवाक अधिकारी संजीव हंसक पटनाक कतेको ठेकान पर आइ छापा मारलक। ऊर्जा विभागक पूर्व सचिव संजीव हंस आओर हुनक कतेको मददिगार पर धन शोधन, भ्रष्टाचारक मामिला आओर टेंडर फाइनल करबाक आरोप अछि। हमर संवाददाता जनौलनि अछि जे ईडी पटनाक दानापुर आओर अनिसाबाद मे भवन निर्माण विभागक मुख्य अभियंता तारणी दासक ठेकान पर सेहो छापा मारल गेल। एहि बीच भारी मात्रा मे नकदी आओर आपत्तिजनक दस्तावेज जब्त कयल गेल अछि। नोट गिनबाक लेल मशीन सेहो मंगाबय पड़ल। एम्हर, घुसक आरोप मे कतेको सरकारी अधिकारी आओर अभियंताक ठेकान पर छापा मारल गेल।

———————————————————————

रबी फसिलक भेल क्षतिक मुआवजा लेल किसान सभ आब एकैस अप्रैल धरि आवेदन ऑनलाईन कऽ सकैत छथि। सहकारिता विभाग फसिल सहायता योजनाक लेल आवेदन करबाक अंतिम तिथि बढ़ा देलक अछि। पहिने आवेदन करबाक अंतिम तिथि एकतीस मार्च छल।

———————————————————————

भारतीय जनता पार्टीक अल्पसंख्यक मोर्चा दिस सँ ईदक मौका पर देश भरिक बत्तीस लाख मुस्लिम परिवार सभक बीच सौगात–ए–मोदी किट पहुचाओल जा रहल अछि। आइ एहि बीच प्रदेश भाजपा अल्प संख्यक मोर्चा दिस सँ पटना उच्च न्यायालयक लऽगक दरगाह परिसर मे मुस्लिम पुरूष आओर महिला सभक बीच सौगात–ए–मोदी किट बांटल गेल।

———————————————————————

प्रदेशक कतेको भाग मे चैती छठि महापर्व के लऽकऽ तैयारी शुरू भऽ गेल अछि। ई पावनि एक अप्रैल कऽ नहाय–खायक संग शुरू होयत। दू अप्रैल कऽ खरना जखनकि

तीन अप्रैल कऽ संध्याकालिन अर्घ्य देल जायत। चारि अप्रैल कऽ उगैत सूर्य के अर्घ्य देबाक संग ई महापर्व सम्पन्न भऽ जायत।

———————————————————

तेज पछिया हवा चललाक कारण राजधानी पटना सहित प्रदेशक बेसी क्षेत्र मे तापमान बेसी बढ़ि रहल अछि। मौसम विभाग सँ भेटल जनतबक अनुसार पछिला चौबीस घंटाक बीच बक्सर राज्यक सभ सँ बेसी गर्म स्थान रहल, जतय अधिकतम तापमान उनचालीस दशमलव चारि डिग्री सेल्सियस रहल। पटना, गया, भागलपुर, बांका, खगड़िया सहित राज्यक कतेको जिला मे लोक सभ गर्म हवाक सोझा कऽ रहल छथि। विभाग अपन पूर्वानुमान मे जनौलक अछि जे राज्यक बेसी भागक तापमान बढैत रहत। विभागक अनुसार ई मासक अंत मे किछु ठाम लू जेहेन स्थिति बनि सकैत अछि।

———————————————————

समाप्त